

Vaksinasyon ak Gwosès



Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.



Pwoteje epi Evite



Si ou vaksinen pandan gwosès, sa kapab **pwoteje oumenm ak tibebe ou** pou nou pa pran maladi grav tankou influenza (grip) ak koklich (tous koklich).



Tibebe yo gen pi gwo risk pou yo entènè lopital akòz maladi sa yo. Lè ou pran vaksen, ou ka **transmèt antikò bay tibebe ki fèk fèt ou an** pou pwoteje l jiskaske li gran ase pou li pran pwòp vaksen pa l.



Vaksen yo **san danje epi yo efikas**, epi y ap itilize yo depi anpil ane pou plizyè milyon gwosès.



Pou plis pwoteksyon toujou, asire tout moun ki ka an kontak ak tibebe ki fèk fèt ou an ajou pou tout vaksinasyon yo.

Yon Gwosès An Sante

Li enpòtan pou ou pran vaksen kont grip la ak Tdap (tetanòs, difteri ak koklich aselilè) **pandan chak gwosès**:

- Pran vaksen kont grip la nenpòt lè – li ede evite konplikasyon grip, tankou akouchman avan lè.
- Pran vaksen Tdap ou pandan semèn 27 jiska semèn 36 gwosès la – li ka diminye ka koklich nan tibebe pou 90 pousan.



Anvan ou vin ansent, mande pwofesyonèl swen sante ou pou li ede asire ou ajou pou tout vaksen ou yo, ankontan lawoujòl, malmouton ak ribeyòl (Measles, Mumps, Rubella, MMR) ak varisèl (saranpyon).

Fason pou Jwenn Swen



Poze pwofesyonèl swen sante ou an kesyon sou vaksen kont grip ak Tdap – pifò plan asirans yo peye pou yo pandan gwosès.



Tcheke famasi lokal ou – anpil famasi ofri vaksen yo san preskripsyon.



Ale nan Fort Greene Health Center Depatman Sante a oswa jwenn yon kote yo bay vaksen nan katye ou sou sitwèb **nyc.gov/health/map**.



Si ou ansent epi ou pa gen asirans, chèche konnen si ou kalifye pou Medicaid, ki garanti swen gwosès kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon ou. Pou aplike, ale sou sitwèb **nystateofhealth.ny.gov**.

Istwa Vaksen Ou

Si ou konsève yon dosye pou vaksinasyon ou yo, sa ede oumenm ak tibebe ou rete an sante. Mande pwofesyonèl swen sante ou pou rapòte vaksen ou yo bay Rejis Vaksinasyon Depatman Sante pou tout Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR) dekwa pou:

- Dosye ou yo nan yon sèl kote
- Ou konnen ki vaksen ou te pran ak kilès ou gen pou ou pran
- Pwofesyonèl swen sante ou yo ka asire ou te resevwa tout vaksen ki rekòmande yo

Asire ou kenbe pwòp dosye pa ou tou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou CIR, rele **311** oswa ale sou sitwèb **nyc.gov** epi chèche **CIR**.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy



nychealth



nyc health

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale nan **nyc.gov/health** epi chèche **Pregnancy: Immunizations** (Gwosès: Vaksinasyon)

Ale nan **cdc.gov** epi chèche **Pregnancy and Vaccination** (Gwosès ak Vaksinasyon)

Resevwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay
healthbulletins@health.nyc.gov



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradwi. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.